



## KESYON MOUN POZE SOUVAN KONSÈNAN ALOKASYON POU ANTÈMAN KI DISPONIB NAN HRA (Haitian Creole)

Kesyon ki òganize dapre chak sijè

|  |   |
|--|---|
| PWOSESIS APLIKASYON ALOKASYON POU ANTÈMAN AN .....               | 1 |
| KIMOUN KI KA RESEVWA YON ALOKASYON POU ANTÈMAN NAN MEN HRA ..... | 3 |
| DEPANS ALOKASYON POU ANTÈMAN HRA A GARANTI .....                 | 3 |
| LIMIT DEPANS POU FINERAY .....                                   | 5 |
| DIVÈS KESYON.....  | 5 |
| RESOUS .....   | 6 |

### ■ PWOSESIS APLIKASYON ALOKASYON POU ANTÈMAN AN

---

#### 1. Kijan pou mwen aplike pou yon alokasyon pou antèmann?

Men kijan ou ka voye yon Aplikasyon pou Antèman M-860w bay Biwo Sèvis Antèman an:

Gade Aplikasyon Alokasyon pou Antèman an epi chèche jwenn plis enfòmasyon sou kisa HRA pral garanti.

Gade enstriksyon pou fòm Aplikasyon Alokasyon pou Antèman an.



**Nan Kourye Lapòs:** HRA Office of Burial Services  
33-28 Northern Boulevard - 3rd Floor  
Long Island City, NY 11101



**Nan Faks:** **917-639-0476**



**Nan Imèl:** [BurialServices@hra.nyc.gov](mailto:BurialServices@hra.nyc.gov)



**Fas-a-Fas** Nan adrès ki pi wo a soti lendi rive vandredi  
ant 9:00 a.m. ak 5:00 p.m.

Rele nou nan **718-557-1399** si ou bezwen yon kopi aplikasyon an epi n ap voye li ba ou.  
Ou ka rele nou tou si ou bezwen èd pou ranpli vèsyon elektwonik aplikasyon an sou sit entènèt nou an.

**2. Ki delè a pou yon moun aplike pou yon alokasyon pou antèman?**

HRA dwe resevwa aplikasyon yo nan 120 jou aprè dat lanmò a. Dat resepsyon an se dat yap resevwa aplikasyon yo an pèsòn, oswa nan lapòs, imèl, faks oswa ranpli l nan telefòn ak yon manm pèsònèl.

**3. Ki enfòmasyon ak dokiman mwen bezwen bay?**

Al gade sou sit entènèt nou an, [www1.nyc.gov/site/hra/help/burial-assistance.page](http://www1.nyc.gov/site/hra/help/burial-assistance.page), epi gade seksyon "Dokiman Sipò" nan sit entènèt nou an ki se <https://www1.nyc.gov/site/hra/help/burial-assistance.page>

Ou ka bezwen bay lòt dokiman pou pwosesis aplikasyon an.

**4. Mwen deja peye ponp finèb la. Èske mwen ka aplike nan HRA pou alokasyon HRA a? Kisa mwen bezwen soumèt?**

Wi. Ou pral bezwen soumèt yon aplikasyon ak kèk dokiman sipò. Al gade sou sit entènèt nou an, [www1.nyc.gov/site/hra/help/burial-assistance.page](http://www1.nyc.gov/site/hra/help/burial-assistance.page), epi gade nan seksyon "Dokiman Sipò" an pou wè ki lòt kalite dokiman ou ka gen pou soumèt.

**5. Èske mwen ka aplike pou alokasyon pou antèman an anvan mwen peye pou sèvis yo?**

Wi, ou ka soumèt yon aplikasyon alokasyon pou antèman kou w gen yon fakti detaye oswa yon kontra pou sèvis yo.

**6. Mwen tande gen yon entèvyou pou detèmine kalifikasyon pou alokasyon an. Èske li toujou ap fèt pandan COVID-19 la? Si l ap fèt toujou, se kijan?**

Wi, travayè sosyal nan Biwo Sèvis Antèman an ap fè entèvyou nan telefòn ak revize dokiman yo soumèt yo. Biwo Sèvis Antèman an ap kominiye ak aplikan yo nan telefòn ak imèl tou.

**7. Konbyen tan li pran pou travay sou yon aplikasyon?**

Y ap travay sou aplikasyon an nan yon delè 30 jou apre HRA resevwa yon aplikasyon ki konplè, ak tout dokiman sipò yo.

**8. Ki moun ki pral resevwa alokasyon pou antèman an?**

Si aplikasyon an se pou depans antèman ou deja peye, yo pral bay aplikan an alokasyon pou antèman an. Si ou pokò peye depans yo, lè sa a yo bay peye ponp finèb la oswa krematoryòm nan pou rès lajan ou dwe a. Nan nenpòt ka, yo p ap ka peye toutotan ou pa bay yon sètifikasi desè.

## ■ KIMOUN KI KA RESEVWA YON ALOKASYON POU ANTÈMAN NAN MEN HRA

---

### 9. Èske mwen ka jwenn èd pou peye pou antèman oswa ensinerasyon yon pwòch mwen ki te mouri?

Wi. Asistans pou antèman an disponib pou ede peye pou fineray / antèman / ensinerasyon rezidan New York revni yo pa ki kalifye. Nou pral egzaminen aplikasyon yo, ansanm ak lòt dokiman, pou wè si yo satisfè kritè pou kalfiye pou yon alokasyon pou antèman.

### 10. Ki depans alokasyon pou antèmnan an ap garanti?

Alokasyon pou antèman an garanti jiska \$ 1,700 pou depans pou fineray oswa antèman aplikan an te bay yon fakti detay li te resevwa nan men yon ponp finèb, krematoryòm, oswa simetyè depi depans total la pa depase limit la (al gade Kesyon moun poze souvan nimewo 17 anba a).

## ■ DEPANS ALOKASYON POU ANTÈMAN HRA A GARANTI

---

### 11. Èske alokasyon pou antèman an garanti sèvis ensinerasyon?

Wi, sèvis ensinerasyon ap garanti toutotan yo satisfè tout lòt kritè yo.

### 12. Èske w bay lajan pou yon depo garanti pandan w ap tann pou egzaminen epi travay sou aplikasyon an?

Non. Pou ka kote yo poko antere defen an, yo ka bay yon lèt otorizasyon davans.

### 13. Èske alokasyon pou antèman HRA a garanti sitiyasyon kote yo antere yon defen nan yon lòt Eta?

Si yo satisfè tout kritè kalifikasyon yo (ak limit \$3,400 lan tou), yo p ap anpeche yon moun resevwa yon alokasyon pou antèman HRA paske yo antere defen an nan yon lòt Eta.

### 14. Mwen vle voye kadav yon pwòch mwen yon lòt peyi oswa Eta. Èske se yon depans ki garanti?

Wi. Yo kapab itilize alokasyon pou antèman an pou garanti depans ki kalifye pou yon rezidan Vil New York antere I oswa boule deyò Vil New York. Epitou, ou ka itilize alokasyon pou antèman an pou depans transpò ki gen rapò ak fineray la depi depans total yo rive nan limit depans la (al gade Kesyon moun poze souvan nimewo 17 anba a) ak depans espesifik yo ki nan fakti detaye a.

**15. Èske mwen dwe peye pou retire defen an nan Hart Island? Èske mwen ka aplike pou yon alokasyon pou antèman?**

Non, Administrasyon Resous Imèn NYC la (HRA)\* pa chaje pou antere ak detere zosman defen yo. Wi, yo kapab mande yon alokasyon antèman pou depans antèman ki gen rapò ak detere e retere defen an.

**Pou detere defen an:**

Aprè nou fin konfime nou genyen yon moun chè nou ki antere nan Hart Island, fanmi/zanmi yo kapab mande yon salon finèb ki otorize pou li òganize detere defen an, ak retere oswa boule kò a yon lòt kote.

HRA, ki responsab Hart Island, pap chaje okenn frè pou antere, detere, ak remèt zosman bay yon mezon finèb ki otorize. Sepandan, detere a ap fèt si zosman yo kapab rekipere.

Moun ki swete deplase zosman moun chè pa yo a pou reytere oswa pou boule zosman yo dwe kontakte yon direktè finèb ki otorize, ki ap chaje yo, pou li fè yon pèmi detere nan biwo Eta Sivil Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC la, epi aranje transfè a.

Depi yo fin jwenn li, direktè finèb la ap depoze pèmi detere a avèk yon demann ofisyèl sou yon papye ak antèt li nan:

NYC Human Resources Administration  
General Support Services (GSS) – Hart Island Division  
375 Pearl Street – 24th floor  
New York, NY 10038

GSS - Divizyon Hart Island nan ap bay randevou pou detere a, epi ap travay avèk mezon finèb la pou transfere zosman yo.

Pou plis enfòmasyon kontakte GSS – Divizyon Hart Island nan (929) 221-6860 oswa <https://www.nyc.gov/site/hartisland/hart-island/disinterment.page>.

**16. Kouman pou mwen fè aranjman pou transfere fanmi mwen soti nan Hart Island pou ale yon lòt kote oswa pou boule kò a?**

Souple vizite sitwèb Hart Island nan:

<https://www1.nyc.gov/site/doc/about/hart-island.page>.

## ■ LIMIT POU DEPANS FINERAY

---

### 17. Kisa limit pou depans fineray la ye?

Ou pa ka itilize alokasyon pou antèman an pou depans fineray/antèman ki koute plis pase \$3,400. Sepandan, sèten depans pa konte nan limit sa a. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte biwo nou nan **718-557-1399**.

### 18. Kiyès pou mwen kontakte pou opsyon fineray ki pa chè a? Kisa k ap pase si ponp finèb yo di yo pa ka fè depans la mwens pase limit \$3,400 a?

Enfòmasyon sou resous antèman yo ka disponib nan Administrasyon Veteran Eta a ak federal la, oswa nan Fon Viktim Krim Eta New York (gade lis resous ki anba a). Anplis, kèk òganizasyon reliye ofri antèman gratis. Nou ankouraje moun yo travay deprè ak founisè sèvis fineray yo pou wè ki opsyon pi bon mache ki ka disponib. Nou kapab ale gade tou bwochi Biwo Sèvis Finèb la sou

<https://www.nyc.gov/assets/hra/downloads/pdf/benefits/BRC-1048.pdf>.

## ■ DIVÈS KESYON

---

### 19. Kijan pou mwen fè pou mwen jwenn yon sètifikasi desè?

Jeneralman Direktè Ponp Finèb la kòmande sètifikasi lanmò a lè w ap fè aranjman pou fineray la. Sinon ou ka ale nan <https://www1.nyc.gov/site/doh/services/death-certificates.page>. Si defen an pa te mouri nan Vil New York, ou dwe kontakte otorite leta lokal nan jiridiksyon sa a.

### 20. Kijan ou pwoteje enfòmasyon pèsonèl mwen?

Vi prive ou enpòtan pou nou. Gen lwa federal, Eta a ak lokal sou pwoteksyon enfòmasyon prive ki pwoteje enfòmasyon pèsonèl ou. Nou pral kenbe tout enfòmasyon ou soumèt konfidansyèl epi an sekirite.

### 21. Mwen pè pou zafè chaj publik la. Èske sa ap gen yon move konsekans sou aplikasyon pou rezidans mwen si mwen aplike pou yon alokasyon pou antèman?

Si ou gen kesyon sou kijan sa ka afekte sitiyasyon ou ak imigrasyon si ou aplike pou alokasyon pou antèman sa a, ou ka rele liy dirèk gratis ak konfiansyèl ActionNYC a, nan 1-800-354-0365 epi di, "public charge" (chaj publik). Liy dirèk la disponib lendi pou rive vandredi, ant 9:00 a.m. ak 6:00 p.m.

### 22. Èske m ap bezwen remèt alokasyon mwen resevwa a?

Fanmi ki pa legalman responsab pa oblige remèt alokasyon an. Si gen yon fanmi ki legalman responsab ki ka peye pou antèman an oswa ensinerasyon an, jan lalwa Eta a egzije sa, HRA ka chèche rekipere lajan nan men fanmi ki legalman responsab la. Anplis, si defen an gen byen, jan lwa Eta a egzije sa, HRA ka fè yon reklamasyon kont byen an.

### 23. Mwen poko janm deklare taks. Kijan pou mwen fè pou mwen pwouve revni mwen an?

Si ou se yon fanmi ki legalman responsab (gade definisyon anba a) w ap gen pou bay enfòmasyon sou finans ou epi dekri kouman ou sipòte tèt ou. Pandan pwosesis aplikasyon an, yo pral mande w enfòmasyon sou revni ou, si w ap travay ou pa, byen ak kantite moun ki nan fanmi ou. Nou ka mande kèk enfòmasyon nan men yon lòt ajans.

Konfòmeman ak Iwa Eta a, yon fanmi ki responsab legalman (Legally Responsible Relative, LRR) se yon moun ki legalman marye ak moun defen an oswa paran an oswa reponsab legal yon defen ki poko gen venteyen (21) lane. Yon LRR responsab pou peye pou tere defen an nan mezi li kapab.

## ■ RESOUS YO

---

1. Al gade sit entènèt Depatman Sante Eta New York la pou jwenn enfòmasyon sou fason pou fè aranjman pou yon antèman nan <https://www.health.ny.gov/publications/0704/> "A Consumer's Guide to Arranging a Funeral" (Yon Gid pou Konsomatè sou Fason pou Planifye yon Fineray) - <https://www.health.ny.gov/publications/0704.pdf>
2. "Before Prepaying Your Funeral, Know Your Rights" (Avan ou Peye Davans pou Fineray ou, Konnen Dwa Ou Yo) <https://www.health.ny.gov/publications/0703.pdf>
3. NYC Department of Veteran's Services (Depatman Sèvis Veteran Vil New York) - <http://www.nysfda.org/images/COVID-19/cidD70B349D-C99A-4C62-BBFA-FCFD38C0BD99.pdf>
4. NYS Division of Veterans' Service (Divizyon Sèvis Veteran Eta New York)- <https://veterans.ny.gov/indigent-burial-reimbursements>
5. U.S. Department of Veteran's Affairs (Depatman Afè Veteran Etazini)- <https://www.benefits.va.gov/compensation/claims-special-burial.asp>
6. NYS Office of Victim's Services (Biwo Sèvis Viktim nan Eta New York) <https://ovs.ny.gov/>
7. NYC Well - <https://nycwell.cityofnewyork.us/en/>
8. Vizite sitwèb Administrasyon Sekirite Sosyal la pou aprann plis sou Avantaj Sivivan yo pou Timoun ki gen Moun ki mouri ak Lòt Depandan yo epi sou fason pou yo aplike: <https://www.ssa.gov/benefits/survivors/#anchor1>
9. Bwochi Sèvis Finèb – <https://www.nyc.gov/assets/hra/downloads/pdf/benefits/BRC-1048.pdf>.